« *Gade byen: nou gen anpil manm nan yon sèl kò, men chak manm gen sèvis pa l' apa. Se konsa tou, nou anpil, men nou fè yon sèl kò ansanm ak Kris la. Nou tout nou fè yon sèl kò tou yonn ak lòt, tankou plizyè manm nan yon sèl kò.* » (**Women 12:4-5**)

« *Si pye te ka di: Paske se pa yon men mwen ye, mwen p'ap fè pati kò a, se pa sa ki pou ta fè l' pa fè pati kò a vre. Si zòrèy te ka di: Paske se pa yon grenn je mwen ye, mwen p'ap fè pati kò a, se pa sa ki pou ta fè l' pa fè pati kò a vre. Si tout kò a te yon grenn je, ki jan l' ta ka tande? Si l' te yon zòrèy, ki jan l' ta ka pran sant? Men, Bondye mete divès manm nan plas yo nan kò a, jan l' vle.* » (**1 Korent 12:15-18**)

Anpil nan nou konnen ke nou dwe sèvi Bondye. Nou vle obeyi; dezi kè nou se pou nou akonpli plan ke Bondye genyen pou lavi nou. Pwoblèm nan sè ke nou pa konnen kisa pou nou fè nan travay Bondye a. Gen de fwa, nou eseye fè yon travay, men nou santi ke nou pa alèz nan travay sa a. Se kòm si ou pran yon fouchèt pou ou bwè yon soup.

Nou kapab konsidere egzanp sa a. Tout moun posede diferan bagay lakay yo. Yon moun gen dwa genyen kiyè, fouchèt, kouto, pikwa, pèl, manchèt, rach, chodyè, asyèt…etc. Chak bagay sa yo itil pou fè travay pa yo men ou pa kapab itilize yo pou nenpòt ki travay. Si ou bezwen koupe pye bwa epi ou pran yon fouchèt pou ou fè travay sa a. Kisa ou panse kap rive?

Sa pa vle di ke fouchèt la pa itil men se pa pou travay sa a ke fouchèt la ye. Se menm jan an tou, si yon moun pa kapab fè yon travay nan Legliz, sa pa vle di ke moun nan pa itil, se sèlman ke se pa travay sa a ke Bondye mete pou li fè. Nou bezwen konnen ki travay ke Bondye plase pou nou fè nan kò Kris la ki se Legliz. Nan **Women 12:4-5**, nou li:

> « *Gade byen: nou gen anpil manm nan yon sèl kò, men chak manm gen sèvis pa l' apa. Se konsa tou, nou anpil, men nou fè yon sèl kò ansanm ak Kris la. Nou tout nou fè yon sèl kò tou yonn ak lòt, tankou plizyè manm nan yon sèl kò.* »

Chak kretyen se yon manm nan kò Kris la ke yo ye. Nan yon kò, nou jwenn plizyè manm e chak manm yo fè yon travay ki diferan youn de lòt. Men pa kapab fè travay pye a menm jan ke pye a kapab fè li. Je pa kapab fè travay bouch la, bouch la pa kapab fè travay zòrèy la. Men yo tout itil pou travay pa yo.

Se menm jan chak kretyen genyen travay pa yo pou yo fè, men kretyen an bezwen konnen kisa ke li ye, ki manm ke li ye nan kò a. Pou mete li pi klè, kesyon an se ki don ke Sentespri ba ou? Nan **1 Pyè 4: 10**, nou li:

> « *Chak moun dwe pran kado Bondye ba yo a pou yo rann lòt yo sèvis. Konsa, tankou bon jeran, n'a pran kado Bondye yo, ki divès kalite, n'a fè yo travay.* »

Ki kado sa a ke ou dwe itilize pou fè travay Bondye a? Se don espirityèl ke kretyen an resevwa lè li asepte Jezi. Nan 1 Korent 12:4-6, nou li:

> « *Gen divès kalite don Sentespri a bay. Men, se menm Lespri Bondye a ki bay tout. Gen divès jan moun ka sèvi Bondye, men se yon sèl Seyè a n'ap sèvi. Gen divès kalite travay nan sèvis la, men se yon sèl Bondye ki bay chak moun travay pa yo nan tout sèvis k'ap fèt.*»

Bondye pa plase nou nan Legliz pou nou tout ap fè yon sèl travay la. Chak kretyen genyen travay pou yo fè nan kò a. Nan **Women 12:6-11**, Pòl ekri:

« ***Bondye pa bay tout moun menm don. Men, nou fèt pou nou sèvi ak kado a dapre favè Bondye fè nou an.*** *Si yon moun resevwa don pou l' anonse mesaj ki sòti nan Bondye, se pou l' fè sa dapre lafwa li genyen an. Si yon lòt resevwa don pou l' fè yon travay, se pou l' fè travay la. Moun ki resevwa don pou l' moutre lòt anpil bagay, se sa pou l' fè. Moun ki resevwa don pou l' bay ankourajman, se pou li bay ankourajman. Moun k'ap bay nan sa li genyen an, se pou l' fè sa san gad dèyè. Moun k'ap dirije a, se pou l' fè sa byen. Moun k'ap moutre jan li gen kè sansib la, se pou li fè sa ak kè kontan. Se pou nou yonn renmen lòt ak tout kè nou. Rayi sa ki mal, men kenbe fèm nan fè sa ki byen. Se pou nou yonn renmen lòt tankou frè ak frè k'ap viv ansanm ak Kris la. Nan tou sa n'ap fè, se pou nou gen respè yonn pou lòt, pa konsidere tèt nou anvan. Travay di, pa fè parese. Mete aktivite nan sèvis n'ap rann Mèt la.* »

Nou fèt pou nou sèvi ak don Bondye ba nou yo. Sou zafè don espirityèl yo, nou genyen kèk pwen ki enpòtan pou nou konprann.

1- Don yo pa la pou sèvis pèsonèl nou, men Bondye bay yo pou sèvis Legliz. « *Chak moun dwe pran kado Bondye ba yo a pou yo rann lòt yo sèvis*.» (**1 Pyè 4:10**) « *Lespri Bondye a fè travay li yon jan nan lavi chak moun, men li fè l' pou byen tout moun*.» (**1 Korent 12:7**)
2- Tout kretyen genyen yon don espirityèl; genyen tou ki genyen plis ke youn. « *Men, se yon sèl Lespri a ki fè tou sa. Li bay chak moun yon kado diferan jan li vle.* » (**1 Korent 12:11**)

Don Espirityèl yo

Nou jwenn kat (4) kote nan bib la ki bay yon lis nan kado Sentespri yo. Se:

A) Women 12: 6-8 (motivasyon)
B) 1 Korent 12: 8-10, 28 (kontras ak pale lang)
C) Efèz 4: 11 (fonksyon)
D) 1 Pyè 4: 10-12: (an jeneral)

Nou pwal konsantre sou don motivasyon yo ke nou jwenn nan Women 12: 6-8, yo se:

Don pwofetize
Don sèvis
Don ansèyman
Don Ekzòtasyon
Don bay nan sa li genyen
Don dirije (Lidè)
Don moutre kè sansib (mizèrikòd)

Don Pwofetize

Definisyon: Se anonse osinon pwoklame pawòl Bondye. Anpil moun konprann pwofetize se di bagay ki genyen pou fèt nan fiti a; sa se yon pati ladan li. Si nou ta pran egzanp pwofèt nan ansyen testaman yo, travay prensipal yo, se pou Bondye pale avèk yo epi pou yo ale pote pawòl sa a bay pèp la. Gen de fwa, se yon bagay ki gen pou fèt e ki poko fèt. Men, anpil fwa tou, se yon bagay pèp la fè ki mal epi Bondye vle korije e menm pini pèp la. Konsa, Bondye voye pwofèt la pou li ale pote mesaj ke li vle yo tande a; pwofèt la ale pwoklame sa ke Bondye di li a.

Karakteristik

1) Genyen yon bezwen pou esprime yo.
2) Genyen abilite pou yo disène karaktè avèk entansyon lòt moun
3) Bay tout yo menm nan sa ke yap antreprann
4) Pa genyen okenn pwoblèm pou pran koreksyon nan men moun
5) Estrèman devwe, fidèl; ou kapab konte sou yo
6) Pare pou yo soufri pou pou sa ki dwat
7) Pèsyasif pou bay verite

Atansyon

1) Pale plis ke yo tande
2) Pale di
3) Moun mal pou zanmi yo

San direksyon Sentespri

1) Yo pap padone moun

2) Yap pare pou repouse moun
3) Yo arogan

Egzanp: Pyè

Don Sèvis

Definisyon: Kle don sa a, se bagay pratik, bagay ou itilize men ou pou ou fè yo tankou fè manje, netwaye kay, pote moun sekou nan yon travay fizik.

Karakteristik

1) Wè epi satisfè bezwen pratik
2) Travay san rete
3) Difisil pou yo di "non"
4) Alèt ak detay nan lavi lòt moun
5) Bezwen apwobasyon ak rekonesans
6) Renmen pwojè ki pa pran anpil tan
7) Rapid pou antre an aksyon lè gen yon bezwen
8) Santi ke yo pa kalifye kòm yon lidè espirityèl

Atansyon

1) Lap neglije travay nòmal li pou ede yon moun ki nan bezwen
2) Yo tèlman vle sèvi, yo pa bay tan pou lòt moun sèvi yo
3) Yo sanble yo pa enterese avèk bagay espirityèl paske yo plis pratikal
4) Yo pa renmen pase tan nan reyinyon pale anpil
5) Yo neglije fanmi yo osinon bay fanmi yo presyon pou travay menm jan avèk yo

San direksyon Sentespri

1) Bezwen pou ede a chanje an pa bay regle anyen pou moun (kite mele m)
2) Yo prefere rete pou kont yo olye ke yo rete bò kote moun
3) Yo wè tèt pa yo sèlman

Egzanp: Timote

Don Ansèyman

Definisyon: Montre moun yon bagay ke anpil fwa, moun nan pat konnen li. Ansèyman bay konesans ak bon konprann, konsa pou moun nan konnen kisa pou li fè nan yon sitiyasyon.

Karakteristik

1) Konsène pou aprann e prezante materyèl yo annòd
2) Konsène avèk presizyon nan langaj ak sa diferan mo vle di

3) Pran plezi pou fè rechèch epi ripòte plis detay ke posib
4) Enterese pou aprann plis ke posib sou sijè ke lap etidye a
5) Konsène pou genyen anpil konesans ak bon konprann
6) Pi konsène avèk reyalite sa ki ekri ke ilistrasyon ak aplikasyon
7) Travay ak yon sistèm ki konfòtab pou yo e yo pap chanje li
8) Bezwen prèv pou yo dakò ak yon bagay nouvo
9) Gen yon pouse pou klarifye nenpòt ti malantandi.

Atansyon

1) Aprann kominike pi byen tankou itilize egzanp ak aplikasyon
2) Pa rete twò konsèvativ nan jan ke ou prezante yon etid
3) Pa pèdi yon pil tan pou korije ti erè ki pa twò enpòtan
4) Pa konte sou abilite entelektyèl ou pou evalye sitiyasyon yo.
5) Pa kite degre lekòl pran plis valè ke bon konprann ki sòti nan Bondye a

San direksyon Sentespri

1) Tonbe anseye movèz doktrin
2) Mete twòp konfidans nan konesans entelektyèl yo
3) Pa pratike sa ke yo anseye a

Egzanp: Lik

Don Ekzòtasyon

Definisyon: Ekzòtasyon vle di **ankourajman**. Si yon moun tonbe nan yon move sitiyasyon, ou ankouraje li pou li sòti nan sitiyasyon sa a. Sa pa vle di ke ou kraze moun nan, ou pale di avèk li, ou desann moun nan men se ede moun nan pou moun nan pa tonbe nan lerè. Si moun nan gen tan tonbe nan lerè, konvenk moun nan pou li sòti ladan li.

Karakteristik

1) Konsène pou wè tout moun grandi nan lafwa, nan mach yo ak Jezi
2) Ta renmen wè tout moun rive atenn potansyèl espirityèl yo
3) Toujou pare pou yo poze kesyon sou bagay jeneral nan lavi yon moun pou yo kapab konprann kòman lavi espirityèl yo ye
4) Yon bon egzòtè dwe toujou dirije moun nan direkzyon Jezi
5) Genyen abilite pou yo bay enstriksyon egzak nan jan pou yon moun grandi nan relasyon yo ak Jezi
6) Yon bon egzòtè pa renmen moun soufri men li konprann ke kèk fwa rezilta soufrans yo konn pozitiv nan lavi yon moun
7) Konsène avèk **aplikasyon** pawòl Bondye a
8) Renmen rete bò kote moun pou yo wè ak je pa yo jan ke moun nan ap grandi

Atansyon

1) Pa fè solisyon yo parèt twò senp
2) Bezwen genyen senpati (mete ou nan plas moun nan)
3) Pa janm neglije enpòtans mennen moun bay Jezi
4) Genyen abilite pou aplike Bib la nan kontèks li

Egzanp: Pòl

Don Bay nan sa li genyen

Definisyon: Se bay byen materyèl tankou lajan, manje, rad, etcetera pou ede yon moun ki nan bezwen. Se pa sèlman bay nan lakolèt, men se ede moun ki nan bezwen an jeneral.

Karakteristik

1) Genyen yon abilite pou yo fè bon envèsman (acha) pou yo kapab genyen plis pou yo kapab bay lòt moun
2) Genyen dezi pou li bay san li pa atire atansyon sou li, san lòt moun pa konnen
3) Pa renmen pou moun ba yo presyon pou yo bay, yo renmen bay volontè
4) Byen souvan, yo renmen motive lòt moun pou yo bay
5) Genyen abilite pou yo wè bezwen materyèl ak finansyèl ke yon moun genyen
6) Jije lòt moun sou jan ke yo manaje lajan yo, jan yo bay
7) Rejwi li lè ke don li a reponn ak priyè yon moun
8) Depann sou bon konsèy moun yo marye avèl la pou konfime desizyon yo
9) Genyen dezi pou yo bay yon bagay ki genyen valè
10) Pran plezi pou yo bay paske yo santi ke bay se yon envèsman pèsonèl nan lavi yon lòt moun

Atansyon

1) Tèlman konsène ak byen materyèl, yo neglije pati espirityèl nan lavi yo
2) Pa itilize ministè yon lòt moun akoz de lajan ke yap bay
3) Pa bay lòt moun presyon pou yo bay menm jan ke yo bay la
4) Gen dwa vin chich avèk pwòp fanmi pa yo
5) Sonje pou yo rekonesan lè yo resevwa yon bagay tou

Egzanp: Matye

Don Dirije

Definisyon: Lòt mo pou dirije se **administre, òganize**. Se yon don ki mete lòd nan dezòd; ki òganize yon gwoup moun pou yon travay egzak.

Karakteristik

1) Genyen abilite pou yo wè yon vizyon an gro
2) Genyen abilite pou yo pran yon gwo pwojè pou yo òganize an yon bann ti pwojè
3) Kapab motive tèt yo

4) Genyen abilite pou yo wè e anplwaye tout resous ki nesesè
5) Genyen konfyans ke Bondye kapab akonpli nenpòt ki bagay
6) Konnen kòman pou yo delege
7) Pa tèlman enterese avèk tout ti detay
8) Genyen kapasite pou yo resevwa kritik san sa pa deranje yo
9) Bezwen konnen ke moun ki ap travay ansanm avèk li yo se moun ki fidèl nan angajman yo
10) Si pa genyen yon moun kap dirije epi genyen dezòd, yo gen tandans pou yo pran wòl lidè a
11) Vle wè pou travay la fèt pi vit ke posib, pi byen ke posib, ak mwens resous ke posib
12) Pran plezi lè yon pwojè akonpli

Atansyon

1) Toujou ap travay sou yon pwojè; pa janm pran repo
2) Pouse moun twòp; pa konprann ke se pa tout moun ki motive osinon ki genyen menm enèji avèk yo
3) Mete konfyans nan abilite pa yo olye ke yo fè Bondye konfyans pou gide yo

Egzanp: Jak

Don moutre kè sansib (mizèrikòd)

Karakteristik

1) Genyen abilite pou yo santi jwa osinon detrès yon moun osinon yon gwoup
2) Kapab idantifye ak lòt moun; konprann sitiyasyon lòt moun
3) Genyen dezi pou pèsonn pa soufri; yo pa wè anyen ki bon nan doulè ak soufrans
4) Sansitiv ak pawòl osinon aksyon ki kapab fè moun mal
5) Genyen abilite pou yo santi si yon lanmou sensè, san kondisyon osinon si se ipokrizi
6) Ezite pou pale kont yon moun, menm si moun nan fè yon move bagay

Atansyon

1) Tèlman emosyonèl yo kapab travay kont volonte Bondye
2) Fèb, pa kapab pran yon desizyon
3) Lòt moun kapab entèprete entansyon moun sa kòm entansyon seksyèl

Egzanp: Jan

Rezon ki kapab fè ke yon kretyen pa konnen ki don espirityèl ke yo genyen:

1) Si genyen twoub nan relasyon yo avèk Bondye:
2) Si yo pa patisipe nan okenn ministè osinon travay
3) Si genyen yon moun ke yo renmen epi yap eseye kopye osinon imite moun nan
4) Si yo pa pran ten pou egzamine tèt yo pou yo konprann kisa ki motive yo
5) Si yo pa konprann ke se pa paste sèlman ki genyen don, men tout kretyen genyen don

Women 12

[1] Se sak fè, frè m' yo, jan Bondye fè nou wè li gen kè sansib pou nou an, se pou nou ofri tout kò nou ba li tankou ofrann bèt yo mete apa pou Bondye, bèt yo ofri tou vivan epi k'ap fè Bondye plezi. Se sèl jan nou dwe sèvi Bondye tout bon.

[2]Pa fè menm bagay ak sa moun ap fè sou latè. Men, kite Bondye chanje lavi nou nèt lè la fin chanje tout lide ki nan tèt nou. Lè sa a, n'a ka konprann sa Bondye vle, n'a konnen sa ki byen, sa ki fè l' plezi, sa ki bon nèt ale.

[3]Poutèt favè Bondye fè m' lan, men sa m'ap mande nou tout: Piga nou mete nan tèt nou nou plis pase sa nou ye. Okontrè, pa mete gwo lide nan tèt nou. Se pou chak moun konsidere tèt li dapre sa Bondye ba li ki pa l' nan lafwa.

[4]Gade byen: nou gen anpil manm nan yon sèl kò, men chak manm gen sèvis pa l' apa.

[5]Se konsa tou, nou anpil, men nou fè yon sèl kò ansanm ak Kris la. Nou tout nou fè yon sèl kò tou yonn ak lòt, tankou plizyè manm nan yon sèl kò.

[6]Bondye pa bay tout moun menm don. Men, nou fèt pou nou sèvi ak kado a dapre favè Bondye fè nou an. Si yon moun resevwa don pou l' **anonse mesaj ki sòti nan Bondye**, se pou l' fè sa dapre lafwa li genyen an.

[7]Si yon lòt resevwa don pou l' **fè yon travay**, se pou l' fè travay la. Moun ki resevwa don pou l' **moutre lòt anpil bagay**, se sa pou l' fè.

[8]Moun ki resevwa don pou l' bay **ankourajman**, se pou li bay ankourajman. Moun k'ap **bay nan sa li genyen an**, se pou l' fè sa san gad dèyè. Moun k'ap **dirije** a, se pou l' fè sa byen. Moun k'ap **moutre jan li gen kè sansib la**, se pou li fè sa ak kè kontan.

[9]Se pou nou yonn renmen lòt ak tout kè nou. Rayi sa ki mal, men kenbe fèm nan fè sa ki byen.

1 Korint 12

[1] Ann wè koulye a keksyon kado Sentespri bay la. Frè m' yo, mwen ta vle nou konnen sa ki vre sou keksyon kado sa yo.

[2]Nou chonje, lè nou pa t' ankò gen konfyans, nou te kite yo mennen nou jan yo vle devan zidòl ki pa t' kapab pale.

[3]Se poutèt sa mwen vle nou konn sa byen: Si Sentespri Bondye ap dirije lavi yon moun, li p'ap janm ka di: Madichon pou Jezi. Konsa tou, si Sentespri Bondye p'ap dirije lavi yon moun, li p'ap ka di Jezi se Seyè a.

[4]Gen divès kalite don Sentespri a bay. Men, se menm Lespri Bondye a ki bay tout.

[5]Gen divès jan moun ka sèvi Bondye, men se yon sèl Seyè a n'ap sèvi.

[6]Gen divès kalite travay nan sèvis la, men se yon sèl Bondye ki bay chak moun travay pa yo nan tout sèvis k'ap fèt.

[7]Lespri Bondye a fè travay li yon jan nan lavi chak moun, men li fè l' pou byen tout moun.

[8]Lespri a bay yon moun don pou l' pale avèk bon konprann. Menm Lespri a bay yon lòt moun don pou l' pale avèk anpil konesans.

[9]Se menm Lespri a ki bay yon moun lafwa, se li menm tou ki bay yon lòt don pou l' geri moun malad.

[10]Lespri a bay yon moun don pou fè mirak, li bay yon lòt don pou l' bay mesaj ki soti nan Bondye. Li bay yon lòt ankò don pou l' rekonèt travay move lespri yo ak travay Lespri Bondye a. Li bay yon moun don pou l' ka pale langaj, li bay yon lòt don pou l' ka esplike sa pawòl langaj la vle di.

[11]Men, se yon sèl Lespri a ki fè tou sa. Li bay chak moun yon kado diferan jan li vle.

[12]¶ Konsa, Kris la se tankou yon kò ki gen anpil manm. Kò a toujou yon sèl kò, ou mèt wè li gen anpil manm.

Efèz 4

[4]Gen yon sèl kò ak yon sèl Sentespri, konsa tou se yon sèl Bondye a ki rele nou pou nou gen yon sèl espwa.

[5]Gen yon sèl Seyè, yon sèl konfyans, yon sèl batèm.

[6]Gen yon sèl Bondye, ki papa nou tout, k'ap dominen sou nou tout, k'ap aji nan nou tout, ki nan nou tout.

[7]Nou chak nou resevwa yon kado apa, dapre sa Kris la te bay la,

[8]jan sa ekri nan Liv la: Lè li moute anwo, li mennen anpil prizonye ak li, li bay lèzòm anpil kado.

[9]Enben, kisa sa vle di: Li moute anwo? Sa vle di, li te desann anvan sa jouk kote ki pi fon anba tè a.

[10]Moun ki te desann lan, se li menm tou ki te moute anwo nan syèl la, pou l' te kapab plen tou sa ki egziste ak presans li.

[11]Se li menm ki fè lèzòm kado divès pouvwa. Li bay kèk ladan yo pouvwa pou sèvi apòt, li bay lòt ladan yo pouvwa pou sèvi pwofèt, li bay lòt ankò pouvwa pou anonse bon nouvèl la, li bay dòt ankò pouvwa pou sèvi tankou pastè ak dirèktè.

[12]Konsa, li byen òganize pèp Bondye a pou yo chak fè travay sèvis yo, pou kò Kris la ka grandi nan konfyans.

[13]Li fè sa konsa pou nou tout ansanm nou ka rive fè yon sèl kò nan konfyans nou genyen an ak nan konesans Pitit Bondye a. Konsa, nou tout ansanm nou ka vin granmoun ki byen devlope, dapre dènye mezi devlòpman Kris la ki bon nèt.

[14]Lè sa a, nou p'ap viv tankou timoun ankò, tankou moun k'ap chanje lide fasil, ki kite kouran nenpòt doktrin trennen yo ale, ki tankou jwèt nan men bann rize sa yo ki konn ki jan pou yo pran tèt moun nan bay manti.

[15]Okontrè, ann pale verite a avèk renmen nan kè nou, konsa n'a ka grandi nan tout sans nan Kris la ki chèf kò a.

[16]Gremesi Kris la, tout pati nan kò a byen òganize, yo tout byen mare yonn ak lòt nan jwenti yo. Konsa, lè chak pati fè sa yo gen pou yo fè a, tout kò a ap grandi, l'ap devlope nan renmen.

1 Piè 4

[10]Chak moun dwe pran kado Bondye ba yo a pou yo rann lòt yo sèvis. Konsa, tankou bon jeran, n'a pran kado Bondye yo, ki divès kalite, n'a fè yo travay.

[11]Si yon moun ap pale, se pou l' pale tankou si se te pawòl Bondye li t'ap di. Si yon moun ap rann sèvis, se pou li fè l' ak fòs Bondye ba li. Konsa, nan tout bagay lwanj lan va pou Bondye, gremesi Jezikri. Se pou Jezikri tout lwanj ak tout pouvwa pou tout tan. Amèn.

NOT: